



American Heart Association®

Cardiovascular-Kidney-Metabolic
Health Initiative™



Opsyon Trètman pou Jesyon Pwa

Pou kèk moun, abitud ki bon pou sante yo kapab pa ase pou jere pwa oswa pou bese risk sante yo. Nan ka sa yo, yon pwofesyonèl swen sante kapab sijere lòt opsyon pou sipò.

Pèdi pwa pou amelyore sante w ka mande yon efò kolektif, ki gen ladan jwenn sipò avèk medikaman, nitrisyon, egzèsis ak sante mantal.

Swen an Ekip pou Pwa ak Sendwòm CKM (Kadyovaskilè-Ren-Metabolik)



**Jesyon pwa nan sendwòm CKM souvan pi efikas lè li soutni
atravè yon ekip swen.**

Sendwòm CKM nan afekte kè a, ren yo, ak sante metabolik la (fason kò a pwodui, konsève ak itilize enèji). Sa vle di plis pase yon tip espesyalis kapab enplike.

Yon ekip kapab gen ladan men pa limite ak:

- Klinisyen nan swen jeneral
- Kadyològ (espesyalis kè)
- Nefwològ (espesyalis ren)
- Endokrinològ (dyabèt oswa espesyalis òmòn)
- Dyetetisyen diplome (RD)
- Famasyen
- Espesyalis nan sante konpòtmantal
- Kowòdonatè CKM
- Navigatè pasyan/kowòdonatè swen
- Espesyalis pou egzèsis/terapet fizik
- Espesyalis swen pou dyabèt ak edikasyon (DCES)
- Travayè sante kominotè
- Travayè Sosyal
- Espesyaliz nan medsin pou obezite
- Enfimyè Diplome (RN)

Poukisa swen an ekip enpòtan:

- Diferan manm nan ekip swen an kapab preskri medikaman.
- Rekòmandasyon pou nitrisyon kapab nesèsè pou koresponn bezwen espesifik kò a.
- Tansyon, glikoz san (sik) ak objektif pou pwa kapab bezwen sipò ki kowòdone.
- Sipò emosyonèl ka amelyore reyisit alontèm.

Priz desizyon pataje ede asire:

- Plan trètman yo koresponn ak objektif pèsònèl yo
- Byen konprann risk ak avantaj yo
- Yo ka fè ajisteman si genyen nenpòt chanjman nan sante

Kominikasyon regilye ant manm ekip yo ede anpeche diferans nan swen an.

Abitid ki Bon pou Sante: Life's Essential 8™

Abitid ki bon pou sante yo se fondasyon jesyon pwa ak sante jeneral. Abitid sa yo soutni kè a, ren yo ak sante metabolik la (fason kò a pwodui, konsève ak itilize enèji) epi rete enpòtan menm lè medikaman oswa operasyon fè pati swen an.

Life's Essential 8 se:

- Manje pi byen
- Vin pi aktif
- Gen yon somèy ki ansante
- Jere pwa
- Kite tabak
- Jere sik nan san
- Jere tansyon
- Kontwole kolestewòl

Abitid sa yo mache ansanm. Pwogrè nan yon domèn souvan soutni pwogrè nan lòt yo epi ede konstwi sante alontèm.



Medikaman



Yon pwofesyonèl swen sante kapab rekòmande medikaman pou ede ak jesyon pwa.

Chwa yo depann de bezwen ak objektif sante w yo.

Kèk medikaman:

- Ede moun santi vant yo plen pi lontan
- Dijesyon ki lan
- Diminye grangou ak gwo anvi pou manje yo
- Ede kontwole sik nan san
- Limite kantite grès kò a absòbe

Medikaman fonksyone pi byen lè yo konbine ak bon alimantasyon, aktivite regilye ak swen suivi.

Operasyon

Operasyon kapab yon opsyon lè lòt trètman yo pa te fonksyone oswa lè pwa ap lakòz gwo pwoblèm sante.

Moun ki enterese nan operasyon baryatrik yo ka pale ak klinisyen swen jeneral yo a oswa lòt pwofesyonèl swen sante pou wè si operasyon se yon opsyon pou yo oswa mande yon referans bay yon chirijyen baryatrik, ki se yon espesyalis ki konsantre sou trètman obezite. Operasyon baryatrik ka ede bese pwa w epi amelyore sante metabolik ou



Tip operasyon ki kouran yo gen landan pwosedi pou:

- Fè lestoma a vin pi piti
- Chanje fason manje travèse kò a
- Diminye nan kantite kalori ki absòbe nan kò a

Chak tip operasyon genyen avantaj ak risk yo. Yon chirijyen baryatrik ka ede deside ki opsyon ki kapab apwopriye.

Sipò Alontèm

Swen suivi regilye ede suiv pwogrè epi fè chanjman lè sa nesesè.



Sipò kapab gen ladan:

- Vizit medikal pou tcheke pwa ak mezi sante yo
- Sipò nitrisyon pou repa ak gwosè pòsyon yo
- Rekòmandasyon aktivite pou soutni mouvman ki san danje
- Sipò emosyonèl atravè konsèy oswa gwoup sipò
- Kontwòl alontèm sou vitamin ak mineral, sitou apre operasyon an



Jesyon pwa sèvi kòm yon baz enpòtan pou bon sante atravè konsèy medikal ak sipò pwofesyonèl. Abitid ki bon pou sante ak swen alontèm ka pote gwo pwogrè.

Aprann plis sou heart.org/UnderstandingWeight (sitwèb la an Anglè)



Lilly se yon esponsò Chanpyon nan Inisyativ Sante Kadyovaskilè, Ren, Metabolik American Heart Association an.